



Pou Piblikasyon Imedya: 11/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A PANDAN PANDEMI COVID-19 LA

To pozitivite konplè Eta New York bese anba 1 pousan pou premye fwa depi 24 septanm a .96 pousan

Eta New York te reyalize 12 milyon tès pou COVID-19

Pozitivite nan espas entèkansyon nan "Zòn Wouj" yo se 5.74 pousan yè; 6.13 pousan pozitivite pou semèn pase a

Pozitivite Eta New York san espas entèkansyon nan zòn wouj yo pa ladan se 0.84 pousan

5 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

SLA ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta a Vizite 777 Etablisman; Obsève 5 Etablisman ki Pa Konfòm

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 ki ankou a. Eta New York te reyalize 12 milyon tès pou COVID-19. Nan espas entèkansyon nan "Zòn Wouj" yo nan kad Inisyativ Aksyon Gwoupman Gouvènè a, pousantaj pozitif pou rezilta tès yo te repòte yè yo se 5,74 pousan ak 6.13 pousan pou semèn pase a. Espas entèkansyon "Zòn Wouj" sa yo abrite 2.8 pousan popilasyon eta a, poutan yo genyen 17,6 pousan tout ka pozitif ki repòte semèn sa bay Eta New York.

To pozitivite Eta New York san entèkansyon nan espas ki nan Zòn Wouj (Red Zones) yo te 0.84 pousan pou rezilta tès yè yo. To pozitivite jeneral eta a - ak espas entèkansyon nan "Zòn Wouj" yo enkli - te bese a 0.96 pousan yè, anba 1 pousan pou premye fwa depi 24 septanm.

"Nou ap fè fas ak yon sityasyon trè espesifik, ki se fwaye yo. An jeneral eta ap mache trè byen. Nou gen yon mekanis tès sofistike kote nou fè, kounye a, plis tès pa chak jou pase kantite pifò eta fè pa semèn. Sa pèmèt nou fè yon analiz ki trè detaye. Pifò eta yo pa gen kapasite sa a oswa yo pa gen dezi sa", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Paske nou teste jan ke nou fè a, epi paske nou gen yon kapasite pou sible konsa, nou wè fwaye yo lè sa a epi nou ka retrase ka yo nan fwaye ki piti anpil yo. Kounye a nou ap retrase yon fwaye nan apeprè 2 oswa 3 pousan nan popilasyon an. Pa gen lòt eta ki

gen diskisyon sa a paske pa gen okenn lòt eta ki gen kapasite pou sible nan fason sa a. Nou fè sa, epi sa se yon bon bagay paske lè ou ka sible yon fwaye espesifik, sa vle di ou ka atake yon fwaye espesifik. Atake yon fwaye pi fasil pase eseye atake yon to k'ap ogmante nan tout eta a."

Nan espas entèvansyon nan "Zòn Wouj" yo, yo te rapòte 2,961 rezilta tè s yè, sa ki te bay 170 pozitif oswa yon to pozitivite 5.74 pousan. Nan rès Eta a, san konte espas entèvansyon nan "Zòn Wouj" yo, yo te rapòte 115,293 rezilta tè s, sa ki te bay 973 pozitif oswa yon to pozitivite 0.84 pousan.

Espas entèvansyon nan "Zòn Wouj" yo genyen 2.8 pousan popilasyon Eta a poutan yo te genyen 14.9 pousan tout rezilta tè s pozitif yo te repòte bay Eta a yè, epi 17.6 pousan tout rezilta ka yo te repòte bay Eta a semèn pase a. To pozitivite pou rezilta tè s yo semèn pase sa nan espas "Zòn Wouj" yo te 6.13 pousan semèn pase a, yon bè s lejèman pa rapò ak semèn avan an jan yo montre sa nan tablo ki anba yo.

ZÒN ENTÈVANSYON	Semèn 27/9 rive 3/10 % Pozitif	Semèn ankou a (04/10- 10/10) % Pozitif	Yè (10/10) % Pozitif
% Pozitif espas entèvansyon nan zòn wouj Brooklyn yo	6,69%	5,86%	7,22%
% Pozitif espas entèvansyon nan % zòn wouj Queens yo	2,97%	3,36%	4,33%
% Pozitif espas entèvansyon nan % zòn wouj Rockland yo	12,29%	9,77%	4,95%
% Pozitif espas entèvansyon nan zòn wouj Orange yo	24,64%	12,41%	3,04%
% Pozitif espas entèvansyon nan tout zòn wouj yo	6,91%	6,13%	5,74%
% Pozitif nan tout Eta a <u>avèk</u> espas entèvansyon nan zòn wouj yo ladan	1,25%	1,18%	0,96%
% Nan tout eta a pozitif <u>san</u> zòn wouj zòn konsantre enkli ladan li	1,02%	1,01%	0,84%

	Semèn 27/9 rive 3/10	Semèn ankou a (04/10- 10/10)	Yè (10/10)
Pousantaj ka pozitif Eta a ki soti nan espas entèvansyon zòn wouj yo	21,8%	17,6%	14,9%

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèvansyon Lapolis Eta a (State Police Task Force) te vizite 777 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi li te obsève 5 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Manhattan** - 2
- **Nassau** - 3

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 820 (-6)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 111
- **Lopital Konte yo** - 39
- **Kantite ICU** - 186 (+7)
- **Kantite ICU nan entibasyon** -- 84 (+3)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 77,631 (+117)
- **Kantite Lanmò** - 5
- **Kantite Lanmò Total** - 25,574

Pousantaj rezilta tèst pozitif chak rejyon ki repòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	JEDI	VANDREDI	SAMDI
Capital Region	0.7%	0.4%	0.6%
Central New York	0.9%	0.9%	0.9%
Finger Lakes	0.8%	0.7%	0.9%
Long Island	1.0%	1.1%	1.0%
Mid-Hudson	2.1%	1.5%	1.1%
Mohawk Valley	0.5%	0.7%	0.2%
New York City	1.2%	1.1%	1.1%
North Country	0.3%	0.2%	0.2%
Southern Tier	1.0%	1.1%	0.9%
Western New York	1.3%	1.4%	1.4%

Pousantaj rezilta tèst pozitif chak minisipalite nan Vil New York pandan twa dènye jou yo repati konsa:

MINISIPALITE	JEDI	VANDREDI	SAMDI
Bronx	1.0%	1.0%	1.2%
Brooklyn	1.9%	1.4%	1.5%
Manhattan	0.5%	0.6%	0.4%
Queens	1.1%	1.2%	1.2%
Staten Island	1.2%	1.4%	1.0%

Nan total 474,286 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se sa yo:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	3,293	13
Allegany	150	6
Broome	2,442	42
Cattaraugus	358	3
Cayuga	244	3
Chautauqua	691	9
Chemung	958	29
Chenango	275	4
Clinton	179	1
Columbia	621	4
Cortland	301	8
Delaware	148	2
Dutchess	5,252	7
Erie	12,107	52
Essex	178	0
Franklin	71	0
Fulton	352	0
Genesee	358	0
Greene	383	4
Hamilton	15	0
Herkimer	359	1
Jefferson	184	3
Lewis	55	0
Livingston	222	3
Madison	511	2
Monroe	6,421	34
Montgomery	245	0
Nassau	47,933	92
Niagara	1,895	13
NYC	250,364	469
Oneida	2,539	10
Onondaga	4,779	32
Ontario	516	4
Orange	12,842	44
Orleans	350	6
Oswego	550	3
Otsego	360	1
Putnam	1,683	8
Rensselaer	980	10
Rockland	16,717	27
Saratoga	1,149	8

Schenectady	1,454	3
Schoharie	94	1
Schuyler	67	1
Seneca	119	4
St. Lawrence	345	1
Steuben	690	30
Suffolk	47,431	74
Sullivan	1,649	4
Tioga	345	12
Tompkins	479	3
Ulster	2,358	3
Warren	429	0
Washington	317	0
Wayne	362	1
Westchester	38,894	47
Wyoming	152	2
Yates	71	0

Yè, te gen 5 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,574. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Bronx	1
Dutchess	1
Erie	1
Queens	1
Steuben	1

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)